ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№117 (21.525) ● 2009 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 24, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Щ1алэгъуалэ правительствэм хэтхэм я Іуэхукі

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Унафэ

2009 гъэм мэкъуауэгъуэм и 17-м *№56-РП*

Щ1алэгъуалэ правительствэм теухуа хабзэм, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 28-м къыдигъэкІа Указ №85-УП-мкІэ зэрагъэхъуэм, и 3.3 пунктым ипкъ иткІэ:

1. Мы Унафэм щыгъу Щ1алэгъуалэ правительствэм хэтхэр къэщтэн.

2. Щ1алэгъуалэ правительствэр кьыхэгъэпэщыным елэжь комиссэм Щ1алэгъуалэ правительствэм хагъэхьныжьэр кьыхэхьным пегьэщэн.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент **КЪАНОКЪУЭ Арсен**

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2009 гъэм мэкъуауэгъуэм и 17-м къыдигъэкІа Унафэ №56-РП-мкІэ къащтащ

Щ1алэгъуалэ правительствэм ХЭТХЭР

Щокьаро Залиниэ МуІэед и пхьур - Щ1алэгъуалэ правительствэм и унафэщІыр

Шестирублев Сергей Николай и къуэр - Щ1алэгъуалэ правительствэм и унафэщІым и къуэдзэр

Джаппуев Ириниэ Юрий и пхьур - Щ1алэгъуалэ правительствэм и унафэщІым и къуэдзэр

Алэкьей Атмир Арсен и къуэр - Щ1алэгъуалэ правительствэм хьыбарегъащІо ІэнатІэхэмкІэ, жылагъуэ зэгухьныгъэхэм ядэлажьэнымрэ щ1алэгъуалэм я Іуэхуэхэмкі и министр

Кушэй Диана Хьчэм и пхьур - Щ1алэгъуалэ правительствэм къэрал мылькымрэ щІым и гъэтІылыгъэхэмрэ унафэ яхуэщІынымкІэ и министр

Кьэнэмэт Марианно Хьызыр и пхьур - Щ1алэгъуалэ правительствэм спортымрэ туризмэмкІэ и министр

Азаров Тимур Николай и къуэр - Щ1алэгъуалэ правительствэм щэнхабзэмкІэ и министр

Бекъул Тимур Мухьэмэд и къуэр - Щ1алэгъуалэ правительствэм мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхьэхэмкІэ и министр

Щоджэн Залым Борис и къуэр - Щ1алэгъуалэ правительствэм промышленностымкІэ, гъэсыныпхьэ-энергетикэ комплексымрэ псэупІэ-коммуналь хозяйствэмкІэ и министр

Мэзбахьуэ Алим Амурбий и къуэр - Щ1алэгъуалэ правительствэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкІэ и министр

Мыщукъужь Аминэ Амдулорим и пхьур - Щ1алэгъуалэ правительствэм финансхэмкІэ и министр

Джатэгъажь Борис Олег и къуэр - Щ1алэгъуалэ правительствэм экономикэ зыужьныныгъэмрэ сатумкІэ и министр

АфІэунэ Мурат Игорь и къуэр - Щ1алэгъуалэ правительствэм ухуэнагъэмрэ архитектурэмкІэ и министр

Абазэ Баллэ Хьэмыщэ и пхьур - Щ1алэгъуалэ правительствэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр

Щербаков Игорь Юрий и къуэр - Щ1алэгъуалэ правительствэм дыкъэзыухъуреихь дунейр хьэмэныбмрэ щІыуэпсыр къэгъэсэбэныныбмкІэ и министр

Егугъуу къыщІыхах

КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен и унафэкІэ Щ1алэгъуалэ правительствэм хэтхэр къащтащ. Абы щІыхь 15 хагъэхьащ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балькъэрым и Іэтащхьэм кьыдэрилытэмкІэ, властым и гъэзэщІакІуэ органхэм я деж Щ1алэгъуалэ правительствэ, жылагъуэ, щ1алэгъуалэ эксперт гупэкІ кьыдэращІыгъэрагъэпэщыным и фІыгъэкІэ абыхэм Іэмал ягъуэтынущ республикэм и гъащІэм мыхьэнэшхуэ щызыІэ унафэхэр къэщтэныи Іуэхум хэтыну.

- Ар икъукІэ дзыхьышхуэщ. Мыбдежым нэхъыщхьэр фэрыщагъ хэмылъу а дзыхьыр гъэпэжыныщ,- кьыхигъэщащ Президентым.

Министрхэм я кабинетым и дублер гупым кьалэн нэхъыщхьэхэр зи пщэрылъ хьэджэбзи 6 яхэтщ, Премьерым и кьулыкъур лъысащ «Къэбэрдей-Балькъэр» ГТРК-м и «Хьыбарыщ1эхэр» телепрограммэр езыгъэкІуэкІ Щокьаро Залиниэ. Правительствэм и унафэщІым и къуэдзэ, Дышэкі Мадинэ япэу дригъэблагъащ, Іуэхущ1ым хагъэхьэну нэхъ зыхуэфащэу кьалэныгъэр ягъэбелджылащ. Итіанэ правительствэ «Щ1ыкІым» и унафэщІыр кьэщыгъэхэр зэпсэльныгъэ щ1ыкІэу кьиз1эрагъэпэщати, Къбр-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Къэрал къулыкъухэм я реестрымрэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Къэрал граждан къулыкъум и ІэнатІэхэм я реестрымрэ екъэлІауэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и ІуэхукІэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Къэрал къулыкъухэм я реестрымрэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Къэрал граждан къулыкъум и ІэнатІэхэм я реестрымрэ екъэлІауэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и деж егъэхьын Іэ щІидзын икІи цІыхухэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщацта мазэхэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ
ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2009 гъэм накъыгъэм и 28-м
№75-П-П

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Къэрал къулыкъухэм я реестрымрэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Къэрал граждан къулыкъум и ІэнатІэхэм я реестрымрэ екъэлІауэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ»

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым къыщтащ 2009 гъэм накъыгъэм и 28-м

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Къэрал къулыкъухэм я реестрымрэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Къэрал граждан къулыкъум и ІэнатІэхэм я реестрымрэ екъэлІауэ» 2007 гъэм гъатхэпэм и 24-м къащта Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон №20-РЗ-м (Кабардино-Балкарская правда, 2007, №95 - 97, 216 - 217; Официальная Кабардино-Балкария, 2008, №36 - 37; 2009, №14) мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэх:

1. Іыхьэ 1-м и пункт 1-м:

1) «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и УнафэщІ 01-1-1-001»

сатырым иужькІэ мы сатырыр дыщІыгъун: «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и УнафэщІым и япэ къуэдзэ 01-1-1-001.1»

2) «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Іэтащхьэм и япэ къуэдзэм и секретариатым и унафэщІ 01-1-1-013»

сатырым иужькІэ мы сатырыр дыщІыгъун: «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и УнафэщІым и япэ къуэдзэм и секретариатым и Іэтащхьэ 01-1-1-013.1».

2. Іыхьэ 3.1-м:

1) пункт 1-м

Управленэм и унафэщІ 03.1-1-1-003»

Управленэм и унафэщІым и къуэдзэ 03.1-1-1-003.1»

сатырхэр мы сатырхэмкІэ хъуэжын:

Департаментым и унафэщІ 03.1-1-1-003»

Департаментым и унафэщІым и къуэдзэ 03.1-1-1-003.1»;

2) пункт 3-м:

а) «Управленэм щыІэ къудамэм и унафэщІ 03.1-3-2-009»

«Управленэм щыІэ къудамэм и унафэщІым и къуэдзэ 03.1-3-2-010»

сатырхэр мы сатырхэмкІэ хъуэжын:

«Департаментым щыІэ къудамэм и унафэщІ 03.1-3-2-009»

«Департаментым щыІэ къудамэм и унафэщІым и къуэдзэ 03.1-3-2-010»

б) «Управленэм щыІэ секторым и унафэщІ 03.1-3-3-011»

сатырыр мы сатырымкІэ хъуэжын:

«Департаментым щыІэ секторым и унафэщІ 03.1-3-3-011»

3. Іыхьэ 5-м и пункт 3-м

«Къулыкъухэм я гуп иэхьыжь» сатырым иужькІэ мы сатырыр дыщІыгъун:

«ІэщІагъэлІ-эксперт иэхьыщхьэ 05-3-4-011.1».

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм мэкъуауэгъуэм и 17-м
№29-РЗ

●Видеоконференц

Политикэм хэмыхьэ

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм щыиагъэнэщагъэмкІэ и Комитетымрэ ІулъхьэтынкъеІыхьным ебэныныр хабзэм тету къыздэгъэпэщыныжкІэ Комиссэмрэ ирагъэкІуэкІа видеоконференцым хэтащ къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министру КЪБР-м щыІэ генерал-лейтенант Томчак Юрий.

УРЫСЕЙМ и МВД-м и Іэтащхьэ, армэн и генерал Нургалиев Рашид къытеувыІащ коррупцэм ебэныным, Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министерствэм къыщыхъухэри хэту, пыщІа гугъуехьэм. Апхуэдэуи жиІащ ІулъхьэтынкъеІыхьным ебэныным теухуа лэжьыгъэр нэхъ жыдэкІуэ ящІэнэрэ ящІыныр къэрал мыхьэнэ иІэу къыздэкІыгъэр.

2020 гъэм щІыпІэлэм и 1-м лэжьэн щІидзэнущ къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ къудамэхэм я лэжьакІуэхэм я хэхъуэмрэ зыІэрагъэхьа мылькумрэ кІэлъыплъ ІэнатІэм. Урысей МВД-м къиущащ я щхьэ шынагъуэншагъэхэр къызэгъэпэщыным теухуа Концепцэ. Ар псом ящІэ зыхуэгъэзар я лэжьакІуэхэм хабзэр къызэпемыгъэудыныкІ, ІулъхьэтынкъеІыхьным пыщІа щІэпхъаджагъэхэр ямылэжьыныкІ. Министрым къызэриІытэмкІэ, абы къыдэкІуэу гъэкІуэдын хуейщ апхуэдэхэр милицэ ІэнатІэм щалэжьынкъэзышэ щхьэусыгъуэхэр. Абы къыдэкІуэуи гу лъагирэтащ коррупцэм пэщІэтынкІ милицэм и лэжьакІуэхэм хуэгъэза бэнэныгъэм хуэгъэкІуэн зэрыхуэмейм. Ахэр хабзэм ебэкъуауэ къат хъыбархэр къыщапщытэкІэ, абыхэм лъабжьэ ямыІэу къыщыщІэкІыр нэхъыбэщ.

Министрым къыхигъэщащ къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ органхэр политикэм зэрыхэмыхьэр, абыхэм я къалэн нэхъыщхьэр цІыхухэм я сэфэн зыхэлъыр хъуэмынарщ, къызэрезэгъэкІэ я лэжьыгъэр наІуэу щытынырщ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министерствэу КЪБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ ІапІэ.

Май куейм щІыху 1292-рэ къэІэпхъуащ

Урысыбзэр зыІурылъу республикэм щыпсэуфэ я щытыкІэм набдзэгубзаплъэу фаІэлъэлпІыт. Май къэлэр щІыхунщэ мэхъу. КъызэрыгуэкІ къуажэ теплъ егъуэт.

ДЕГТЯРЕВЭ, *Май къалэ.*

Жэуап кърет Май муниципальнэ районым и администрацэм и Іэтащхьэ **Атаманенкэ Юрэ**:

- УРЫСЕЙМ и УФМС-м и Къэбэрдей-Балькъэр къудамэм зэрыщытхамкІэ, 2005 - 2008 гъэхэм къриубыдэу Май районым щІыху 1292-рэ къэІэпхъуащ. Абыхэм ящыщу 1013-р урысыщ. Ар къэкІуахэм я процент 78-рэ мэхъу. Адрей процент 22-м адыгэхэр, балькъэрхэр, осетинхэр, ингушхэр, шэшэнхэр, украинхэр, ермэлыхэр, азербайджанхэр, нэмыцэхэр, тыркухэр, нэгъуэщІ лъэпкъхэри хохьэ.

Абы къыхэкІыу, Дегтяревэм жиІэм лъабжьэ иІэкъым.

Налог хэхъуэу къаІэрыхьэр яубзыхуам нэхърэ нэхъ мащІэщ

Схуагъэуву пенсэр щІыпІэ администрацэм къызиту щытащ. Иужьрей зэманым

КЪБР-м и Президентым и сайтым къагъэхьа упщІэхэм я жэуапхэр

муниципальнэ лэжьакІуэхэм я улахуэм зыбжанэрэ хагъэхъуа пэтми, ильэсиц мэхъури щІыпІэ администрацэм си пенсэм къыхсущ: Іигъуркъым.

ЗАВОДЭ И., *Прохладнэ къалэ.*

Жэуап кърет Прохладнэ къалэ округым и администрацэм и Іэтащхьэ **Пархоменкэ Юлие**:

- МАЗЭ КЪЭС пенсэм хущІагъур зыхуэдизыр къыщІэлъыгъэр нэхъапэкІэ абы хагъэхъуар Іэмал имыІэу къэбжьыжьын хуейуз законым къигъэувмэщ, апхуэдэу ильэсым тещІыхьауэ зыхуеину мылъкур къалэ бюджетым щыхухахмэщ.

2008 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м Прохладнэ къалэ округым щІыпІэ самоуправленэмкІэ и Советым къыщащта унафэм нэхъапэкІэ пенсэм хущІагъур къэбжьыжьын хуейуз щыжиІэркъым, къалэ бюджетым мы гъэм а Іуэхум мылъку гуэри щыхухахакъым.

УФ-м и ФНС-м и Къэбэрдей-Балькъэр къудамэм и район зэхуэку инспекцэм къызэрильытэмкІэ, 2009 гъэм налог хэхъуэу къаІэрыхьэнур зыгъэщІыхьам нэхъри нэхъ мащІэщ. Абы къыхэкІыу, муниципальнэ пенсэм яхущІыдгъуну Іэмал диІэкъым.

●Махуэгъэпс

Дызыхуэкіуэ мазэм

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 1-м

♦1931 гъэм Къэбэрдей-Балькъэрым ис цІыхухэм кьеджэкІэрэ тхэкІэрэ егъэщІэн лэжьыгъэм щІидзащ.

♦1957 гъэм Москва и Театр Иным щызэхэтащ Къэбэрдейр езым фІэфІу Урысейм зэрыгучъэрэ ильэс 400 зэрырикъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балькъэр АССР-м, гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ я гъэльэгъуэныгъэм и нужь концертыр.

♦1981 гъэм Къэбэрдей-Балькъэрым и цІыхубэ усакІуэ **КІыщокъуэ Алим** СССР-м и ТхакІуэхэм я союзым и правленэм и секретару хахащ.

♦И ныбжьыр ильэс 75-рэ ирокъу философиемкІэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, Къэбэрдей-Балькъэрым щІэныгъэхэмкІэ щыхъ зиІэ и лэжьакІуэ **Джатэгъажь Владимир.**

♦И ныбжьыр ильэс 60 ирокъу щэрджэс жылагъуэ лэжьакІуэ, «Хэкужь» щІыналъэ псапащІэ фондым и тхьэмадэ **Адэмокъуэ Альберд.**

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 2-м

♦1556 гъэм Астрахань Урысейм хьыхащ.

♦1964 гъэм къыззэрагъэпэщащ «Къэббалькъгаз» Іуэхущ ІапІэр.

♦1990 гъэм КПСС-м и XXVIII иужь дыдэ съездыр къызэІуахащ.

♦Спорт журналистхэм я дунейпсо махуэщ

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 3-рэ

♦ГИБ ДД-м (ГАИ-м) и лэжьакІуэхэм я махуэщ

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 5-м

♦1943 гъэм Курск зауэм щІидзащ.



♦1930 гъэм къалъхуащ филологиемкІэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, щІДАА-м и академик, Къэбэрдей-Балькъэрым щІэныгъэхэмкІэ щыхъ зиІэ и лэжьакІуэ **Апажэ Мухьэмэд.**

♦Теджыз, псы ежэх флотым и лэжьакІуэхэм я махуэщ.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 6-м

♦1557 гъэм Къэбэрдейр езым фІэфІу Урысейм гухьащ.



♦1957 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и гуфІэгъуэ сессие зэхэтащ. Ар теухуауэ щытащ Къэбэрдейр езым фІэфІу Урысейм зэрыгучъэрэ ильэс 400 зэрырикъуам икІи республикэм Ленин орденыр етІуанэу къызэрыхуагъэфэщам.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 7-м

♦1971 гъэм **КІыщокъуэ Алим** СССР-м и Литературэ фондым и унафэщІ хъуащ.

♦1928 гъэм къалъхуащ Къэбэрдей-Балькъэрым и цІыхубэ тхакІуэ, Къэбэрдей-Балькъэрым щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Абхъаз Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, фольклорист, литературовед, щІэныгъэлІ **Нало Заур.**

♦Ильэс 25-рэ ирокъу (1984) Къэбэрдей-Балькъэрым гъуазджэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, композитор цІэрыІуэ **Балэ Мухьэдин** дунейм зэрехьажрэ.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 9-м

♦1959 гъэм Налшык и Театр ЩхьэантІэм Пятницкэм и цІэр зезыхьэ къэрал академическэ хорым концертышхуэ щитащ.



♦Урысей Федерацэм и цІыхубэ артисткэ, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, «Ника» саугъэтэ къызыхуагъэфэща **Ахьуэджакіуэ Лие** къыщалъхуа махуэщ.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 10-м

♦1918 гъэм Советхэм я V Урысейпсо съездым РСФСР-м и Конституцэр - япэ Совет Конституцэр - къыштащ.

♦Къэбэрдей-Балькъэрым щыхъ зиІэ и артисткэ, ЩоджэнцІыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакІуэу щыта **Срыкъуэ Хьэмщ1асэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Къэбэрдей-Балькъэрми Къэрэшей-Шэрджэсми щыхъ зиІэ я артисткэ уэрэджыла-кІуэ цІэрыІуэ **Шэрджэс Іэсият** къыщалъхуа махуэщ.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 11-м

♦1958 гъэм «Кабардинка» къэрал къэфакІуэ ансамблыр Монголиеми кІуащ, абы и лъэпкъ махуэшхэм хэтын щхьэкІэ.

♦1987 гъэм Дунейм щыхуу щыпсэур мелардри 5 ирикъуащ. Иджыпсту ди Щ1ы хъуерейм щыху меларди-рэ мелуан щихрэ тетщ. ♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Къэбэрдей-Балькъэрым щІэныгъэхэмкІэ щыхъ зиІэ и лэжьакІуэ **Кіэрэф Майе** къыщалъхуа махуэщ.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 12-м

♦1641 гъэм Астрахань хъанырдэм Балкъ и деж щригъэкІуэкІа зауэм хэкІуэдащ Кьундет эвшхэр - Чэлимэтрэ Елдаррэ.

♦Урысей пощтым и махуэщ

♦Бдзэжьеящэм и махуэщ

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 13-м

♦1908 гъэм Лондон кьщыщэІуахащ IV Дунейпсо Олимп Джэгуэхэр. Абы япэ дыдэу цІыхубзхэр хэтащ.

♦1930 гъэм Монтевидео (Уругвай) къыщыщэІуахащ футболымкІэ япэ дунейпсо чемпионатыр. Абы къэрал 13 хэтащ. Уругвайр чемпион хъуащ.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 14-м

♦1860 гъэм Урысейм и Къэрал банкыр къыззэрагъэпэщащ.

♦1945 гъэм Париж ТекІуэныгъэм и парад щекІуэкІащ. Абы хэтащ Франджым и ЛІыхъужь адыгэ бзылъхугъэ **Хьэгъэпкьуэ Елизэхьан.**

♦1957 гъэм Налшык щекІуэкІащ СССР-м ис лъэпкъхэм я тхакІуэхэм я лыкІуэхэр зыхэта зэІущІэ ин.



♦1965 гъэм Къэбэрдей-Балькъэрым уэрэдымрэ къафэмкІэ и «Кабардинка» къэрал ансамблыр къафэмкІэ «Кабардинка» ансамблу зэрахьэкІащ.

♦Ильэси 105-рэ ирокъу адыгей тхакІуэ **Щоджэн Іэюб** къызэрахьэрэ. 1985 гъэм дунейм ехыжащ.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 15-м

♦Ильэс 70 ирокъу (1939) Бахьсэн, Аруан, Іуащхьэмахуэ куейкэм район газетхэр къыщыдэкІыу зэрыщІидзэр.

♦1957 гъэм РСФСР-м гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ я лыкІуэхэм я концертышхуэ Къэбэрдей-Балькъэрым щекІуэкІащ.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 17-м

♦1918 гъэм Романовхэ я пащтыхь унагъуэр Екатеринбург щауІащ.

♦1942 гъэм Сталинград зауэм щІидзащ.



♦1945 гъэм ЕтІуанэ дунейпсо зауэм текІуэныгъэр къыщызыхьа кьэралхэм я Іэтащхьэхэм Берлин (Потсдам) конференцыр къыззэІуахащ.

♦1967 гъэм Лениным и цІэр зезыхьэ колхозым (Арщыдан) Ленин орденыр къратащ.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 18-м

♦1941 гъэм Кьардэн Кьубатий япэ фашист къхъулъатэр кьриудыхащ.

♦Ильэси 100 ирокъу къэрал лэжьакІуэшхуэ, политик цІэрыІуэ **Громыко Андрей** къызэрахьэрэ 1989 гъэм дунейм ехыжащ.

♦Къэбэрдей-Балькъэрым и цІыхубэ усакІуэ, Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтым и лауреат **Зумакуловэ Танзиля** къыщалъхуа махуэщ.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 19-м

♦1903 гъэм лъакъуэрыгъажэкІэ япэ дунейпсо зэпеуэр екІуэкІащ.

♦1942 гъэм **Кьардэн Кьубатий** Березовскэ куейм и деж фашист къхъулъатэ кьыщриудыхащ.

♦1980 гъэм Москва къыщыззІуахащ XXII Олимп Джэгуэхэр.

♦Металлургым и махуэщ

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 20-м

♦1561 гъэм Къэбэрдей пщы уэлий Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ чыристан диным ирагъэхьащ, Марие цІэри иратащ.

♦1924 гъэм Дунейпсо шахмат Федерацэр (ФИДЕ-р) къызэрагъэпэщащ.

♦Шахматэм я дунейпсо махуэщ

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 21-м

♦1969 гъэм, ильэс 40 и пэкІэ, американ астронавт Армстронг Нил Маззэм япэ дыдэу теуващ.

♦1994 гъэм кьащтащ Къэбэрдей-Балькъэрым и Къэрал Гербыр, Къэрал Ныпыр, Къэрал Гимныр.



♦Ильэси 110-рэ ирокъу (1899) америкэ тхакІуэ цІэрыІуэ, Нобель саугъэтым и лауреат Хемингуэй Эрнест къызэральхурэ. 1961 гъэм дунейм ехыжащ.

♦Ильэси 180-рэ ирокъу (1829) адыгэлІ щэджащэ Хьэшыр Чылар игъащІэм цІыхум и льэ зытемыува Іуащхьэмахуэ щыгу ящІэ дыдэу зэрыдэкІрэ.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 22-м

♦Ильэс 95-рэ ирокъу (1914) Къэбэрдей-Балькъэрым и цІыхубэ усакІуэ, Социалист ЛажьыгъэмІ и ЛІыхъужь, Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтым и лауреат **Кіыщокъуэ Алим Пщымахуэ и кІуэр** къызэральхурэ.



♦1945 гъэм республикэ щакІуэ хозяйствэр къызэрагъэпэщащ.

♦1954 гъэм Къэбэрдей-Балькъэрым ЩынагъуэнщагъэмкІэ и Къэрал Комитетыр къызэрагъэпэщащ.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 23-м

♦И ныбжьыр ильэс 65-рэ ирокъу Къэбэрдей-Балькъэрым щІыхь зиІэ и артист **Дзыхьмыщ Къэралбий.**

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 24-м

♦1940 гъэм къалъхуащ Къэбэрдей-Балькъэрым и цІыхубэ артист, Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и Къэрал саугъэтым и лауреат композитор **Даур Аслъэн.** 1999 гъэм дунейм ехыжащ.

♦И ныбжьыр ильэс 65-рэ ирокъу филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Къэбэрдей-Балькъэрым щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, тхакІуэ, критик, литературовед, фольклорист **Гуут Іэдэм Мухьэмэд и къуэр.**

♦Адыгей усакІуэ, тхакІуэ **Хьунэгу Саидэ** къыщалъхуа махуэщ.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 25-м

♦1472 гъэм адыгэ кхъухь 24-рэ, тенджыз ФІыцІэм зэпрыкІри, Тыркум теуауэ щытащ.

♦1943 гъэм Прохладнэ-Налшык гъуджІ гъуэгур зэфІэгъуэвэжьныр зэфІэкІащ.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 26-м

♦1826 гъэм Петропавловск быдапІэм декабристхэр щауІащ.

♦1946 гъэм къалъхуащ адыгэ усакІуэ цІэрыІуэ, Къэбэрдей-Балькъэрым щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Бицу Анатолэ.**

♦И ныбжьыр ильэс 55-рэ ирокъу Къэрэшей-Шэрджэсым и къэрал лэжьакІуэ, политик **Кьардэн Алик Хьусин и къуэм.**

♦ Урысейм и Зауэ-Тенджыз флотым и махуэщ

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 27-м

♦1841 гъэм Пятигорск пэмыжыжьэу щыІэ Мэшыкъуэ бгы лъапэм деж щауІащ урыс тхакІуэшхуэ **Лермонтов Михаил.**



♦1981 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр къэрал мэкъумэщ академиер къызэІуахащ. 2005 гъэ лъандэрэ абы КъБР-м и япэ президент КІуэкІуэ Валерий и цІэр зэрехьэ.

♦1991 гъэм Къэбэрдей-Балькъэрым президент къулыкъур щагъэуващ.

♦Ильэс 85-рэ ирокъу адыгей тхакІуэ, драматург **Чуякъуэ Джэфар** къызэральхурэ.

♦1928 гъэм къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь, Къэрэгъэш къуажэм щызэхэта колхоз пашэм и тхьэмадэу ильэс куэдкІэ лэжьа Іэбубэчыр Нажмудин. 1984 гъэм дунейм ехыжащ.

♦Къэбэрдей-Балькъэрым щІыхь зиІэ и артисткэ **КІэнэтІ Лидэ** къыщалъхуа махуэщ.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 28-м

♦1586 гъэм Европэм кІэртІофыр кьрашащ.

♦1957 гъэм Къэбэрдей-Балькъэрым и «Кабардинка» къэрал къэфакІуэ ансамблыр Москва щекІуэкІа студентхэмрэ щІалэгъуалэмрэ я дунейпсо фестивалым и лауреат хъуащ.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 29-м

♦1997 гъэм адыгэ пхъурылъхуу, иордан пащтыхьыкъуэ Алий бен-Хьусейн «Кабардинка» ансамблым хэту къэфащ.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 30-м

♦Ильэси 120-рэ ирокъу япэу телевизор трубкэр къэзыгупсыса Зворыкин Владимир къызэральхурэ. 1982 гъэм дунейм ехыжащ.

МЫ ГЪЭМ:

♦Ильэс 205-рэ ирокъу генерал Глазенап лъыгъажэ зауэ иригъэкІуэкІыу Къэбэрдейм зэрыкІуэцІрыкІрэ.

♦Ильэси 180-рэ ирокъу (1829) урыс академик Купфер Адольф Іуащхьэмахуэ и Іэгъуэблагъэхэм къыщыщІэж нарзан псым теухуа тхыгъэ зэпэ дыдэу къызэрытригъадэзэрэ.

♦Ильэси 115-рэ ирокъу (1894) Дзэлыкъуэ, Къущхьэхъу хъунІэхэм я Іуэхум хэпльэн комиссэ щхьэхуэ къызэрыІуэзрагъэпэщрэ.

Зыгъэхьэзырар **УЭРЫШ Нурхьэлийщ.**

●ВидеокъуэкІ

Псапэ зыпылъ Іуэху

Къэбэрдей-Балькъэрым Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэм псапэ зыхэтъ Іуэху ищІащ: зи узынщагъэкІэ мыщІагъуэхэм, ныкъуэдыкъуэхэм ящыщ гупыщхуэ нэгузесгъэжьажькІуэ ящащ ди республикэм и щІыпІэ дахэхэм.

ЗИ НЫБЖЬ хэкІуэтахэмрэ зи закъуэу къэнахэмрэ я гуэн, зи ныбжь хэкІуэтахэмрэ зи узынщагъэкІэ мыщІагъуэхэм я унэ-интернат Налшык щыІэм щыпсэухэм ящыщ цІыху 50 ящащ Іуэп щхьэантІэхэм, Ашыщджэр и псы хуабэ кІыщІэжьыпІэхэм, нэгъуэщІхэмри.

Гъуэгу техьахэм я дежкІэ ар гуфІэгъуэшхуэт, я гъащІэр зыщІэс унэмрэ ящІантІэмрэ щахьри.

Министерствэм и мурадщ мы зи гугъу тщІа цІыхухэм щхьэкІэ щхьэжьу ибзыхуну абыхэм зэрызебгъэгъэпсэхуфыну щыкІэр.

ХЬЭГУАРЭ Джамилэ.

●Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Адыгэхэр.
Сурэтыр 1854 гъэм къыдэкІа «Лондон хъыбарыщІэхэр» журналым къитхыжащ.

Фым фы къехъулIэмэ, си гуфIэгъуэщ

Апажэ Ахьмэд

Адыгагъэр ябэ ирегъэщ

*Щхьэлыкъуэ къуажэм щыщ Апажэ Ахьмэд куэд щIауэ соцIыхь. Ар адыгагъэ зыхэлъ, пщIэр щхьэр зиIэу дунейм тет, лъэныкъуэ куэдкIэ щапхъэ къызытепх хъуну зи гъащIэ быхьэр езыхьэкI цIыху псэ кIыбэщ. Щэнхабзэм, литературэм, щIэныгъэ, гъэсэныгъэ Iуэхум куууэ хещIыкI. Уси, рассказ, повести етх. Ахэр зыкъом щIауэ тридзэ «Адыгэ псалъэ» газетми «Iущхьэмахуэ» журналми. И проэзр щыгъуэхьэсти «Зыкъомыпсы лъагъуныгъэ» жыхуиIэр 2001 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ. Итлъэ 40 хъуауэ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэщ. Апажэм тетхуэ тхыгъэрэ и суратрэ ихуащ КъБР-м и егъэджакIуэ нэхьыфIэр иту къыдагъэкIа тхылъышхуэм. Джэрыкт маузм и ныбжьыр итлъэ 70 зэрыри-къуар ди щхьэусыгъуэ, газетеджхэм ихъ гъунэгъуэ къедгъэщIыхуэмэ тфIигъэгъуэ, абы деплъыщ.

- Ахьмэд, уи гъащIэр зытебгъхуар Iуэху дахэщ, Iуэху щхьэпэщ - адыгэ литературэм и куэдыщ щIэблэм яшIуэ, фIыуэ яльагъуу къезытгъэжьыщи. Уэ езым а Iуэхум гу зэрыхуэпщIа щIыкIэр уигу къэгъэкIыжкI.

- Си гуапэу. Пэщдэдэ классхэм сыщыщIэс лъэхъэнэм ди унэ щыIэхуэсырт си адэ къуэшым и къуэхэр - СультIан, Вовэ, адыгэ газетым зи гъащIэр щызыхьа Назир сымэ. Си анэ кIыльхуа си къуэш Мухьэмэдэ яхэту, эпымыIуэу литературэм тепсэльыхьхэрт. КIыщокIуэ Алим и «Бгы лъапэхэм дех» поэмэм, нэгъэщIэхэм кIеджэу, ахэр къаэрыщIыхьэм и гугъу яшIыжу, езыхэми зыгуэрхэр ятхыу апхуэдэт. Абы щыгъуэ адыгэ литературэм щыщIадзыхьэр. Щоджэщ1ыкIэ Алий и «Нанэ» усэм, КIыщокъуэм и Iэдакъэщэкlэхэм хьэщыкъ сащIауэ щыгъащ. СощIож, абы щыгъуэ 6-нэ классым сыщIэсу арат, «Алим ди школым къэкIуэнщ» жиIэри, ди егъэджакIуэ Куэшмэн Сэма псоми уеэ зырызыхэ къыдитат, гукIэ зэдгъэщIэн хуейуэ. Сэ сыкъыIысат «СыкIуэнт нэхъ псынщIэу схуэзфIэкIым» жыхуиIэр. ТхьэмахуээдокIри, къытхуоблагъэ тльагъунэу ди нэ къызыхуикI усакIуэщхуэр. Алим и пащхьэм дыкъыкъуэурэ щхьэж зэригъэщIар жытIэжырт. Мо сыздгъуэзвам и кIэм деж сыщыуэри, «Си гъащIэ ябгэр щызухьнум, шы лъэс сытесу среух» жысIаш. Ар щызэхихым, Алим къыпидыхьэшхыкIыщ, Iэплъ къысхуищIри «апхуэдэхуэм,- жиIащ, - зэрыжьыпIэнэр. - «Шы жэр сытесу сыреух».

- Ди университетым ушыщIса лъэхъэнэри Iофу уигу кьыдэрпам щрагъэкIыжкIыщ.

- Ар пэжщ. Дезыгъаджэхэм я нэхъыбэри дыщэм хуэдэт, сызигъэсу щIэсхэри арат. Iутыжь Борис си курсэгъу къудейтэжьым, си партэгъу. Ар щIыхь зэчиифIэу зэрыщIытыр пасэу кьызэрыуIуат. ГъукIэмыхьу Iэбубэчыр дигъэжьрт хъэрыпыбгэр. Зы махуэ гуэрым ар кьыщIыхьауэ Борис ручкэр кьещIэри, абы и сурэт ещI. Дакъыкъи иригъэхьатэкIым, ауэ апхуэдизкIэ ещхьу ищIатэ, суэрттех тригъэуами апхуэдизу кьинкIыну кьыщIэкIынтэжьыкI. А суэртыр нобэми си унэм щызохьэмэ.

IутIыжьым нэмыщIкIэ, ди зэхуаку илъэ бжыгъэ щIагъуэ дэмыльу, садеджащ КхъуIуфэ Хьэчим, Мэзыхьэ Борис, Гъэунэ Борис, ХьэфIыщIэ Мухьэмэд, Соню Абдулчэрим, Джэрыдж Арсен сымэ. Ахэракъэ иджыпсту льэпкъ литературэм уеIуей жезыгъэIэу хэтащ!

- Уи гъыгъэ япэ дыдэу газетым кьыщыгредзэр сыт хуэдэ зэман?

- 70 гъэхэм и пэщIэдзэхэм стхаэу щытащ «Хэт и гугъэнт?» зыфIэсща рассказыр. Ар «Ленин гъэугум» и редактор нэхъыщхьэм деж къэхъри естат. Рассказыр кьыщытредзам сызэрыщыгуфIыкIар гурыIуэгъэщ. Абы иужькIэ тхэми нэхъ сытегушхуащ.

- Ахьмэд, уэ тхыль куэд уеджащ. Классикэр кьанцтэмэ, хэт сымэ я тхыгъэхэра нэхъ уплъхьэкъэ?

- Урыс классикэм и гугъу пщIымэ, Пушкинрэ Лермонтоврэ ящ дыдэу литературэр гунэс сощысыщIар. (Кьыхэгъэщыпхъэщ абыхэм я Iэдакъэщэкlэхэм Ахьмэд сыкъэт бжьыгъэкIэ гукIэ кьызэреджэфыныр. - **М. А.**) Толстой щхьэкIэ си тетрадым зы гъэ истхэгъащ : «Абы кьытекIуэн тхакIэ дунейм теткым икIи тетынукъым.» АдэкIэ я цIэ кьисIэуэ сыхуейт Тургеневым, Бунин, Куприн сымэ.

- Ди адыгэ тхакIуэхэм я гугъу пщIымэ-нэ?

- Усыгъэм и гугъу пщIымэ, ЩоджэщIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим, КIуащ БетIал. Нэхъ гъунэгъуэу сыкъэIобгъэм, Бештокъуэ Хьэбас, IутIыж Борис, Мыкъуэжь Анатолэ. Проэзэ зытххэм ящыщу Нало Заур. Абы и «Къру закъуэр» тхылъ тельыджэщ. Сызэреджэрэ сыт щIа, нобэр кьызэдэсым абы кьигъэщIа образэхэм си нэгу щIэтщ. Ещхьыкъабзэу сигу дыхьащ Заур итха «Цыху пап» балладэри. Хуабжьу сыдалъэх МафIэдэ Сэрэбий, Къармокъуэ Мухьэмэд, Хьэх Сэфарбий сымэ я Iэдакъэщэкlэхэм. НэгъэщIэ зыкъомми я цIэ кьыпIуэ хъунущ.

- Илъэс 10щIыщыкIэ е нэхьыбэкIуэкIэ уэлбэкIыжмэ, школакIуэхэр литературэм зэрыхущытамрэ нобэ зэрыхъуамрэ зэбгъащIэмэ, сыт жыIон?

- Шурэ лъэсрэ я зэхуакуэщ. Абы щыгъуэ яфIэгъащIэгъэнт, я щIэщыгъэнт. Иджы литературэм дихьэхыр машIэщ. Телевиденэр ди щIэблэм зэран зэрыхуэхъум ущIэмыуплъ. Абы нэмыщIкIэ жыпт телефоныр. ЖыпIэри сытри зэхамыхьу телефоным иродзыгри щIэщ урокым.

- Лъэныгъэм укъыщыдэхуэм, ушезэщам деж сыткIэ зэрыщытебгъуэр?

- УсэфI сыкъеджэмэ е макъамэ дахэ седаIуэмэ, сигуми си Iэпкъльэпкъми псэхугъэ ягъуэт. КIыщынэмыщIауэ, хуабжьу сыдельэх классикэм я музыкэм. Псальэм папщIэ, Глинкэ Михаил, Свиридов Георгий сымэ. Пушкиным и прозэ тхыгъэ щыкIуэр я лъабжьэу Свиридовым итха макъамэхэр апхуэдизкIэ тельыджэщи, сыт хуэдизрэ седаIуэми защыгъэжщIыркъым.

- Ахьмэд, уи хьыджэбзитIыр, Iэсятр Андзор, насыпыфIэ зэрыхъуар, уи пхъурыльхъэмэ я ехъулIэныгъэ ушыгуфIыкIыкъ укъэзрыгъэгурыкIуэр дошIэри, апхуэдэу ди пэжди спыхьэныкъ, тхыгъэфI куэду уи Iэдакъэ кьыщIэкIыну сынохьхуэху.

Епсэлъар
МЫЗ Ахьмэд.

АПАЖЭ Ахьмэд

Инуу яхуэмыIэ, щэхуу яхуэмыIуатэ

Я унагъуэм нсхэри, ихьэблэм дэсхэри зи тIкIиягъым фIэлIыкIыу, езыр сыт щыгъуи екIуу хуэпаду сIыхум яхьыхьэяхэкIыу, зи узынщагъэм и ныбжьэгъуэхэр ехъуапсэ зэпыту езыхьэкI, мо фыз дэгъуэшхуэр, зэуэзэпсэу узым зэщIиубыдэу пIэхэнэ зэрыхьурэ зэманифI дэкIат Дэтхэнэ щIыхьри, апхуэдэ щытыкIэ гуэрым кьыщихутам и деж, абы сыт хуэдизу пхьашагъ, тKIиягъ хэмыльами, «ущытмэ, дальи, ущылымэ, убзэ» жыхуIэ1э адыгэ псалъэжь Iуущым тегу, тIэкIу нэхъ Iэтlэльатlэ, нэхъ гу щабэ хуу хабзэщ. Ауэ «ерыщыр щыту малIэ» жыхуаIэм ху эдэу, Жандузхан кIуэ пэтми нэхъ бэмпIэгъуэ, нэхъ кьинн, икIи тэмакъыщIэ хуэмыхуээ, зыжьи нэхъ тIасхъэ хъурэтхьым, хуэнуи и мурадтэкъым. Арати, ильэситIым щIигъуауэ шыIэныгъэшхэ я яхэпIу, гъэурыгъуэурэ сымаджэр зезыхьэ и нысэхэм ину ях ужьымыIэу, щхьэу я хъумыIэтэу кьаIэщIэжэгъуэ Жандузхан зы пщэдджыжь гуэрым кьыз1ыхьэу, гугъу лъэпкъ демыхьу, джэджьейм хуэдэу, кьащыIэщIэлIэм, гъы-бжэ хуэдэу защIа щхьэкIэ, ар абыхэм я жаIуащIэ зэрымыхъуам щэч хэлътхьэкъым. Ауэ иужьрей зэманым увыIэгъуэ имыIэу Жандузхан абыхэм кьаэрелъэIуу щытар и нысэхэм я мыжакъуэу, я гънэгъуэхэм куэдрэ зэхахати, ар убзыщIыну Iэмал иIэжтэжкъым. «СыпIа нэужь, махуит!-махуищкIэ фыпэпльэн хъуми, ефэндым ар кьыфхуимыдэу кьэувми, Быгырбыхэу щёджэ сипхъу нэхъыщIэр кьэсцIыжу кьыслымыпльэжйауэ сыдевмыгъэхьину синысэхэм сынывольэIу».

Арат гуащэм и нысэхэм уэсяту кьахуигъэнар. Ауэ мыр кьысхуээзыIуэтэжа кьуаж эфендым ар яхуимыдэу у, «ЩIымахуэу щыт ами зыгъэрт. Ауэ мы хуабзэкъым хьэдэр апхуэдизэрэ щыбгъэпль хьурэ, зиунагъуэрэ?» - щажриIэм, абы щIригъэгъуэжьну и гугъэ зэнысэгъуэхэр, езыр зэрыхуэ ям хэтэ, зцыкIу хэзу кьыхуущIэкIакъым. Зэрыбзаджэхэм ящIыIужкIэ, игъащIэ льандзрэ цIыху цIыкIум кьадигъэщIауэ кьадекIуэкI фэрыщIагъри мымащIэу яхэльти, цIыху кьиз1эхуэсахэм фIыщIэ зыхурагъэщIу, «Зи насып, я гуащэ дунейм екIыкам апхуэдизу хуэпэжу, мы Жандузхан и нысэхэр сыту цIыху хьэлэмэту кьыщIэкIа», - жрагъэIэпэ нэхъ яфIэфIу кьыщIэкIынти, псоми зэхахьу: «АлейкI зумыхьунщIэ, Хьэжмусэ. Иужьрей дыдэу а тхъэмыщIэм дэ хуэтщIэжьфынур араци, а кьыщIыдэльэIуар дымыгъэзэщIэнкIэ Iэмал иIэкъым», - жаIэу яуку1эдийри, телеграммэ зыхуаутIыпща хьыдж6зыр жэщитI-махуитKIэ кьэмысыжу, зыгуэркIэ кьэгъуэ хьужьмыкуэмэ, махуэ ещанэм сыхьэтыр щым фIэмыкIыну, хьэдэр дахьну абыкIэ эзгурыIуахэт. Арати, кьабзэтыбзэжу, зэрыщIалъхьэнэм хуагъэхьэзэщрауэ, зи хьурейгъэкIэ жьыхуэ махуэ гуэрым апхуэдэу кьыщихьэлIэжым, мо ешауэ, мэжэIауэ кьэкIуежа лIым ар идэнт?

- Дыгъуасэ бжесIар ситыт? СлIожь аргуэру ущIэмыпщэфIар? - жиIэри тKIийуэ еупщIащ и фызым. АрщхьэкIэ адрейм ар кьызэрыридза щIагъуэ щыIэкъым.

- Уэрэкъэ сэ жьыуэсIэр, сыт кьэпщIыщIауэ сшхьн хьэзыру сыкъыщIрумыгъэхьалIэжыр?

- Сабийм щхьн щIыпIэ кьызэрымытыр бжесIакъэ. Уэри упщафIэ хъунущ.

- Ара узытемыкIынур?

- Армырауэ ситыт нэхъ сыбгъэщIэнур? Уэ пльагъуркъэ сэ сабийм сыкъызэрыдэмыхуэр?

Я фIэщу зэпэщIэува зэлIэсфым иразгъэжьа псалъэмакъыр ауэрэ куу хъуащ икIи апхуэдэм и деж зэщIыхьантIым язым зыгуркIэ Iичрам кьихьыжу димыдахьмэ, кьэхъу хабзэр фэ фщIэркъэ? Арати, хуэмыфащэу лей кьыльысауэ зызыльытэж нысащIэр япэмыжыкъэ дыдэу щыпсэу и анэм деж кIуэри, «а жьхуэпIам хуэдэу сщIати, мыращ кьызэщIар» - жиIэу щыхуэгъынаныэм, и пхъум и пащхьэм Iэуфынщ1ыкIамрэ и пэгъ теудамрэ зыльъэгъуа анэм и псэм ар техуэнт?

- Мыдэ а хъэм кьиальхуам сэ хуэфI сыхъункъэ? - жиIэу асльэныем хуэдэу губжьауэ кьыщIальэтщ ари, тхьэусыхакIуэ хуэкIуэжа и пхъум япэ иту, мыгъуэр зи мыльуа и мальхъэм и деж кIуащ. Мальхъэр, зыри кьэмыхъэм хуэдэу, мамыр дыдэу, тхьылъ гуэрым епльу гъуэльыпIэм кIыхьу илът. Арати, абы и щытыкIэм нэхъри зэгуфIэпа щыкъуанэм, и нэм лъыр кьытельэдауэ бжэщхьэIуэм ебакъуэри, и пхъум и дежкIэ и Iэр ищIурэ кьэщIидзащ:

- Арксым, тIасэ цIыкIуу сиIэ, сыт мы цIыхубэр мыпхуэдэу щIыз1эхэбукIар? Сшхьн пщIа-кьым жыпIэу, афIэкIа хэмыльу сабий зыкIэрыщIа цIыхубэр кьепльэфажьэу бубэрэжьыну дэпэ уэ апхуэдэ хуитныныгъэ кьызэдипхар? Мы дунейм сэр фIэкIа гемытыжам, хабзэрэ зэгурыIуэ щIэу си Iуэхущ ар уэ пхуэзгъэгъэмэ!..

Абдежым фыз кьызэщIэплъам и малъхъэр зэрригъэшынэкIэ хуэзфIэкIыу зыри кьигъэнакъым. Мыдрейри абы сыт жиIэми пэрыуэнпэу икIи кьэмыгубжьэу едэIуащ. Ауэ зи зэрымамырым нэхъри игъэбампIэ фIэкIа, «си малъхъэр кьыспэпсэльэжьыкъым» - жиIэу Тэжкъуи арэзы зэрымыхъур щриIагъуэм, малъхъэр мащIэу кьыпыгуфIыкIри кьэпсэльащ: - Уа, ди анэ, сыарэзыщ, сыт хуэфIми кьызжеIа, ауэ сэ нобэ кьуаншагъэ льэпкъ збгъэдэлъхьэм.

- Сыт щIыббгъэдэмыльыр! Мыбы и пэбгъм епщIар сыт?

Малъхъэм, а зэрымамырым хуэдэу аргуэру мащIэу кьыпыгуфIыкIри, адэкIэ кьыпищащ:

- Сэракъым, ди анэ, ар абы езыщIар. Ауэ Iуэхур кьызэрекIуэкIа щIыкIэр пщIэну ухуеймэ, зекъжьаIуэ сыкъыкIыжа нэужь, схуэпщэфIэну пIащIэу кьижьхьуэрэ, сщIэжьым зэрыхъуар, сытми, уи пхъур щIэкIауэ кьыщыщIыхьэжьым дэкIуеиплIэм хъарзынэу кьыдэбэкъуеяуэ, ещанэм къыщыбакъуэм ецIэнтхъэхри и пэбгыр триудауэ аращ. Уи фIэщ мыхъумэ, мес, езым еупщI.

И малъхъэр кьыщеуэр кьыщыгурыIуэм, анэр кьэуIэбжьауэ «хъущт» жиIэри и пхъум епльащ. Ауэ адеймм, «сэ жьысIаIа уи гугъэу ара, мамэ?» - жьыхуиIэу, зэхихар зыхуихьынур имыщIэу укIытауэ абы кьыщепльыжьым, щыкъуанэм сыт жиIэжынт? Абы кьыхуэнэжьырати, и малъхъэр зытепсэлъыхьыр кьыгурымыIуэ хуэдэу зищIри, абазэ хъущIэкIэ ищIу кьъувыжащ.

- Сыт дакIуеиплI? Дэнэ кьикIа дэкIуеиплIэ мыбы си гугъу ищIыр? Алыхь, фымыгубзыгъэ фэ сэ слъагъуэр. ЗэгурыIуэ, зэдэIуэжу, цIыху хуэдэу зэдэпсэун ипIэкIэ, мыхьэнэ зимыIэм щхьэкIэ зозауэхэри, «дэкIуеиплIэти, къыдэкIуеиплIэжти» жаIэри, зытральхьэнур ямыщIэжу къыхсуотIысыжхэр мыдэ. Си щхьэр куэдрэ фымыгъэуэзу, кьыщIифлъхуакIэ, фи сабийр зэрыязэдэфIыжьым иужь фит адэ!

Тау-тау жезыгъэIа анэм апхуэдэу зыкъыдэзэридзэкIыжу кIэбгъу зыщищIыжьым, пхъум, и щауагъэр кьыгурыIуэжагъэнти, зы псалъэ жимыIэу сабийр гущIэм хипхэри, езыр пщэфIапIэм кьIуащ. Абы ищIэртэжьхьи и анэм щигъэIуща махуэм зэаанэзэпхъуэм жаIа псори адрей пащым зыхуищIэхуауэ



Щхьэлыкъуэ курыт еджапIэ № 1-м и унафэщым и кьуэдж Къардэн ФатIимэрэ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ езыгъаджэ Куэшмэн Маринэрэ я гъусэу. *2007 гъэ.*

Новеллэ

зыбжанэ кьыззгъэувэкIауэ пэш щыIэтыIэм суткIэ ещанэ хуауэ щIэлъ Жандузхан щыдакьыну ягъэувэ пIалъэмэ щы-нэс дыдэм, зэхэзыххэм эзрагъэщIэгъэунмрэ зэрыжаIэну щыкIэмрэ кьахуэмыщIэу тельыдж кьэхъуащ.

Кьэхъуар мырат: Жандузхан унэм кьыщIэхьыным дакьикъэ бжыгъэ фIэкIа кьэмынэжауэ, махуэ ещанэ хуауэ псори зыпэплъэ и пхъуг гужьейуэ кьыдэльэдэжу, и Iэхэр ищIурэ гухэщIу гъыуэ: «Уэ сэ си мамэ мыгъу 5! Фымусльымэнмэ, си мамэ мыгъуэм сыIувгъэплъэжI» - жиIэу и анэр зыщIэль пэшым щыщIэльадэм, абы и гуIэкIэм зи гур игъэуза фызхэм: «КъаkIуэ мыдэ, кьакIуэ, тIасэ, Iуплъэж жэнэтыр унаплI зыхуэхьун уи анэм» - жаIэурэ, джэдаубхан и нэкIур кьыщIыщIагъэщам, «Уо-о, ди Къъэ!» Зи нэхэр зыгъэупIэрапIэ у, «Сыт къэхъуар?» - кьажриIэ щIыкIэу, кьахуэдгъуеIу, щащIыху кьужьым ыкъыхэплъу щIыль и анэм пхъур щIыпIплъэм, абы «Ауэ и гур кьеkIэури, ныкIыуэкIэмэх хьуауэ унэм кьыщIахьжащ. Абдежым, щIыху телыкIар кьхъэжьэ зэрыхабзэр жаIэжу эзхаха мыхьэмэ, иджы фIэкIа ар зымыгъэунэхуа фыз зэхэзежэ хъуахэмрэ кьыщэхуэса щIыхьхъуэмрэ, а кьэхъуар кьаэрыщIыхьуамрэ абы теухуауэ абыхэм кьратгъэкIуэкIа кьомымрэ дэ иджыпсту псальэкIэ кьытхуэIуэтэжыныкъым. Ауэ ипхъу нэхьщIэм и гъы макъым кьызэщIгъэужу, абы и фIыгъэкIэ асихьэзым кхъэм ямыхьу кьызэзтена Жандузхан, абы иужькIэ, «кьыгущ» жиIэу, ильэситхуитIэ псэужащ. Ауэ псэ зыпыту кьиригъэщIа дэтхэнэ зы зымикIэ ух зэрпIэм хуэдэу, и ухъэтыр щхьэ Жандузхан тхьэмыщкIэр кьэгъаззэ имыIэу дунейм щехьжам щыгъуэ, ар ауэрэ кьызэрымыкIуэжьынур фы дыдэу ящIэ пэтми, сыхьэт бжьыгъэ нэхъ щамыгъэльу, пIащIэ-тхьытхьыу, а щылIа махуэ дыдэм ар зэрыщIальхьам теухуауэ си ныбжьэгъу ефэндым кьыскъуиIуэтэжам адэкIэ федаIуи, фэр-фэру фегупсысыжь.

- НтIэ, арати, - кьыпепщ адэкIэ ефэнджым и псальэм, - Жандузхан тхьэмыщкIэр дахиным зы сихьэт нэхьыбэ кьэмынэжауэ, абы и нысэ курыт ягъэнэмысыфIэу, «Хьэжмусэ, хьунмэ, зы дакъикъэ закъуэкIэ сыпхуейт», - жиIэу кьыщIызбгъэдыхьэкIэ, сэ сызыхэт гупым льэбакъуэ зыщIыплIкIэ САкъыхокIуэтри, «сыно даIу» жыхуэсIэу, и пащхьэм соувэ.

• Щапхъэ

Лэжьыгъэм ипсыхьа

Сыт хуэдэ лэжьыгъэми хуэIэижь, къалэн кьыщащI дэтхэнэ Iуэхури тэмэму зэфIэзыхыфIэ щIыхь ящI. Апхуэдэхэм ящыщщ Къамыдыкъуэ щыщ Мэхъуэщ СультIан.

АР 1931 ГъЭМ Къамылыкъуэ къуажэм кьыщалъхуащ. 1948 гъэм, ебгъуанэ классыр къчуауэ, гъэмахуэу губгъуэм иту трактор кьытеувэу фэбжь зэрыхихами кьыхигъэщIакъым СультIан. Илъэс ныкъуэр сымаджэщым щыхьащ абы, иужькIэщ 10-нэ классыр кьащиуящар.

1950 гъэм КъБКъУ-м и физико-математикэ факультетым щIэтIысхьащ МэхъуэщIр икIи ехъулIэныгъэ иIэу кьиуащ. А зэманым япэ дыдэу щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэу къуажэм кьэзыгъэзэжа-хэм ящыщт СультIан. Къамылыкъуэ дэт курыт еджапIэм математикэмкIэ егъэджакIуэу лэжьан щыщIедзэ а гъэ дыдэм. ИпсэужькIэ абы щылажьауэ, Приречнэ къуажэм егъэджакIуэ ягъакIуэ. 1967 гъэм абы директору кьегъэзэж я къуажэ школым икIи илъэс тIощIкIэ я Iэнатlэм тэрытащ Мэхъуэщыр.

- Кьыщызгъэзэжам школыр щIэт, - игу кьегъэкIыж СультIан. - Зыхуей хуэгъэза еджапIэм дэ мураду щыдиIар зыщ - ар кьужжэ сабийм щIэныгъэ нэс егъэгъуэтынырт. Сабийм и махуэр ещанэкIэм щигъакIуэрт - урокхэр зэфIэкIа нэужь, щэджагъуашхэ егъэщIыпхти, иужькIэ кружок зэмылIэужьныгъэ кьудым екIуалIэрт. ПэщIэдзэ классхэм щIэсхэм я деж кьыщыщIэдзауэ кьалэн гуэр зимыIэ яхэмыту сыт и лъэныкъуэкIи дадэлажьэрт.

ЕджапIэм стадион зэримыIэм гугъу иригъэхьырти, Мэхъуэщыр абы ижь ижьи арэп кьызэрагъэпэщащ. Абы иужькIэ районым щекIуэкI спорт зэхьэзэхуэхэм я нэхьыбэр КъамылыкIуэ дэт школым кьахьырт, тэрэзуи щызэфIахырт.

И узынщагъэр пэмыльэщу, СультIан школым кьыIуекIжьын хуей хъуащ 1987 гъэм. Ауэ лажьэу ёса цIыху Iуэхуншэ хъу хабзэкъым. СультIани апхуэдизкIэ щыщщ - абы дзыхь кьрагъэзэри, кьуажэм кьыщыз1уаха тыкуэныщIэм и тету ягъэуащ икIи илъэс пщыкIублкIэ лэжьащ. ИужькIэ, Къамылыкъуэ къуажэ администрацэм и Iэтащхьэм и жэрдэмкIэ, СультIан ветеранхэм я зэгухэныгъэм и унафэщIу хахащ. Нобэр кьыздэсым а Iэнатlэм бгъэдэтщ, сыт хуэдэ лэжьыгъэри нэгъэсауэ зэрызэфIигъэкIыным яужь иту.

- Мы лэжьыгъэм сызэрыпэрыуэрэ зэфIэтха Iуэхухэм ящыщщ къуажэхъэр зыхуей зэрыхуэдгъэзэар. Абы екIуалIэ гъэугур Iейт, щыуэлбанэм деж ятIэ хъурти, ущызекIуэфыртэжьыным. Абы асфальт тредгъэльэщащ. Езы къъэри щыкIу хъуати, щIым кьыхэдгъахьэуэри нэхъ ину къэдгъуэрейхьыжащ, - жеIэ Мэхъуэщым. - 2002 гъэм псыкIиум илъэсэ псыжапIэр щIыхьэдзэ зыхъуэжьыкIыуэт. Ди къуажэдэсхэм а псыэрышэ щыкIур икъуэкIэ сэбэп кьахуохуэу: пхъэщIхьэмышщхэр, хадэхэкIыр кьагъэкIын папщIэ абы хэтхьэгъэщащ. Ар зэрагъэпэщыжьыным тепсэлъыхь фIэкIа Iуэхум и ужь щимыхьэм, 2006 гъэм сэ КъБР-м и Президент Кьонкъуэ Арсен ди гукъеуэр хуэстхащ. 2007 гъэм, етIуанэу абы жьжь сихьауэ, Кьанокъуэ Арсен кьуажэм кьэкIащ, ди Iуэху зытетым нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ зищIащ. Абы и фIыщIэкIи мы Iуэху унафэ игъэуатащ.

Къуажэм мэжджыт тэмэм зэрамыIэри СультIан игу къоуэ. Иджыпсту а Iуэхум яужь итщ.

Апхуэдизэ лэжьыгъэр и кьалэну щытми, СультIан школыр IэщIыб ищIакъым. Ар сабийхэм иджыри яхэтщ: кIэщIкIэщIурэ абыхэм я хьэщIэщ, еджакIуэхэм классщIыб лэжьыгъэхэр ядрегъэкIуэкI, хъыбар гъэщIагъуэн щыщ щIегъэдэIу, тыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ яхуоупсэ.

СультIанрэ абы и щхьэгъусэ Iуэрэ хуищIэ зыпхъэрэ зэрапIащ. Апхуэдэ щыжьэрщ «жьыщхьэ махуэ хъуащ» жыхуаIэр.

БАЦЭ ФатIимэ.

Усэхэр

Сабингъуэ

Си сабингъуэм щиIэфIыгъуэу
Сэ псори щызэпщIэщыгъуэм,
Сэкъраныщхьэ тъэгъуэу
Сльагъуэхуэ дыгъэм езгъэщхьыр,
Сытъэмыльэу льапэпцIыпуэ,
Кьесшэхти стельу гугъуэгъэщ,
Сыдихьэхауэ и дахагъэм,
Дэсльэу си Iэнэхэр и напэм
Сыгъыпрт зыкъомрэ седэхащIэун,
Пысщыкlмэ, жысIэу сыкъуэсакъыщ
ЩызытIупщыжкIэ сыпIейтеIуэ,
Сэ сышэсыжырти си чыхум,
Сихьу-сильу, си джэгуэгъу щыкIухэм
Сакъытежьну сыхуейуэ
Сахэтъэдэжьрт сыльеIуэ!

Си гур ящIоуэ

Тхьэусыхэнэр сэ си жагъуэщ.
«Фыгъуэ» жыхуаIэр си ажалщ.
ФIым фы къехъулIэмэ, си гуфIэгъуэщ.
Гуапагъ злэжьныр - ар си хьэлщ.

Сопсэу сэ сиIэу адыгагъэр гъуаззу,
Сытемыту дунеим зысхъэ-зыспытIу,
Жагъуэгъуэу сиIэм ныхъ-мытIу,
ИтIанэ ахэм си гур ящIэзу.

Уэращ хуитыжыр, шынэхъыщIэ!

И гъащIэ Iыхьэр нухьхькIэ
Зыгъэр щIэхъэпсэ мэпсэу цIыхур.
Ауэ «фым щIэкъур фым гъоIэсри,
Iей зи гуращэр Iейм Iуоуэжьр», -
Жьхуаиэр нкъуэкIэ псалъэ псощи,
Уэ сыти жьIэ, даури зыщI,
Ухуейм Iей щIэ, ухуейм фы лэжь.
Ухуейм уешыхуэ зыгъэгубзыгъэ,
Е пхъэфIэкIмэ, зехьэ лIыгъэ.
Ауэ сыт хуэдэу гъащIэр пхьымэ,
ИужькIэ пщIэуэ бгъуэтыжьынур
Уэ нобэ блэжьырщи зэтъытар -
Я гум уэ гуапэу укъинэжу
ЗыхуебгъэщIынумэ щIыхуэзэм
фIыщIэ,
Уэращ хуитыжьри, шынэхъыщIэ!
ЗыщIи мыхъумыщIэжм я пэIэщIэ,
ЗэрыпхуэхъэкIкIэ фIым хуэлIыщIэ!

Епсэлъар
МЫЗ Ахьмэд.

● ДифI догъэлъапIэ

Зыми емыщхь Бэчыжь Лейла

Дахэу, Iэтауэ, цIыху куэд кIрихьэлIэу мэкъуаугъэум и 19-м Черкесск щагъэлъэпIащ КъШР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI, ЩIДАА-м и вице-президент, бзэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Бэчыжь Лейла и ныбжьыр ильэс 80 зэрырикъуар. Къэрэшей-Шэрджэс къэрал драмэ театрым и пэщыщхъэм кIыщыгъэхъэсат республикэ унафэщIхэри, жылагъуэ лжьакIуэхэри, Къэбэрдей-Балькъэрым, Краснодар крайм, Адыгеим, Дагъыстаным кыкIа хьэщIэхэри, махуэр зыхуагъэльапIэм и лжьэгъуэмрэ ныбжьэгъуэмрэ, Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ.

IЫХЬЭ ЗЫБЖАНЭУ зэхэта пшыхьым и пэублэр хухахащ Бэчыжь Лейла и гъащIэмрэ гуащIэмрэ, и Iуэхущlафхэмрэ дуней еплъыкIэхэмрэ, и жьэгу пащхьэмрэ лэгъупIэмпIэмрэ я щэхухэм теуха фильмым. Зыхуэбгъадэ хъун щымыIэ жьаб гъэхуам, гупсысэ куум и щапхъэу видеороликым хагъэхьат пшыхь, зэхьыхэ зэмылIэужьыгъуэхэм Бэчыжь Лейла кIыхьэрщыпсэльхэм щыщ пычыгъуэхэр. Дакъикъэ 20-м щIигъукIэ екIуэкIыу, а пшыхьым кIыщагъэльэгъуэн щхьэкIэ траха фильмыр нухащ Бэчыжь Лейла пащIэ Тхьэбысым Умар игъэщIэу ятхауэ щыта «Лейла» уэрэдымкIэ.

АдэкIэ театр утыкур хуит хуащIащ Къэбэрдей-Балькъэрым щыщ «Шэджэм псыкъелъэхэр» щIыхубэ уэрэдыжьакIуэ гупымрэ КъБКъУм и кафедрэм и унафэщI, щIэныгъэлI цIэрыIуэ ЦIыпIынэ Асльэнрэ. Ахэрат езыгъэжьыгъэ щIыпIынэ «Ныуэгъафlэкlэ» зэджэ пасэрей хабзэм теты кIэзрагъэпэща пшыхьыр. Абы папщIэ, адыгэхэм зэрахабзэу, Iуэхум и пэублэм щэнейрэ гъуо яГъджащ, итIанэ макъамэ дахэм щIэту утыкум кIрахьэри щагъэуващ лъэпкъ дамыгъэхэр зытет пыпхэр. Мыбдеж кIыхьэгъэщIыпхьэщ Iуэхур щекIуэкI сценэр пасрей адыгэ хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэмрэ арджинэмкIэ гъащIэрэщIауэ зэрыщытари. «Гуащэ Iумахуэр утыку идощ» уэрэдым щIэту, кIыхьэхуэса псори хуэтэджарэ Iэгуауэщхуэ хуаIэту сценэм кIрагъэблэгъащ пшыхьыр зыхуагъэльапIэ Бэчыжь Лейла икIи щIэщхуэ зэрыхуащIым и нэщэнэу адыгэ ныпэ удзыфэрэ дамыгъэхэмкIэ гъэщIэрэщIа пхъэ бжаблэм яту утыкум кIыщрашэкIри, тIысыпIэу хухаха жьантIэм дэт шэнтиуэм ирагъэтIысхьащ.

КъахэкIа цIыху щэджащэхэр ирагъэлъапIэу адыгэхэм къадекIуэкIыу щыта хабзэхэмкIэ зохагъэува пшыхьым хагъэхат хуэсу псалъэхэм хухаха Iыхьэри. КъШР-м и Президент **Эбзеев Борис** япэу псалъэ иратащ.

- Сэ мы пшыхьым сыкърихьэлIэныр кIызыхэкIар си къулыкъум кьалэн кIыщищIракъым, атIэ си гум жиIэр згъэззщIэныр, - кIыщIидзащ Эбзеев Борис. - Си гугъэмкIэ, нобэ мыбдеж кIызэхуэсахэри ардыдэрэщ къеэшIэIар - бзылъхугъэ лэжьакIуэщIхэр, цIыху Iумахуэ Бэчыжь Лейла хуащIащIэмрэ цIыхьымрэщ. Гу лыйфтауэ кIыщIэкIынщ, Кулиев Кьайсын кIыэрагъэхуэрэ илъэс 90 зэрырикъур Налшык щыщагъэльапIэм, Лейла кIыэзрыщыпсэльар иджыпсту ягъэльэгъуа фильмым кIыэзрэхэщIыжьым. Абы щыгъуэм Лейла жиIа псалъэ Iэтахэм мызэ-мытIэу кIыхьэщащ «Кавказ щылъхэ нэкIу» зиIэхэм теухуахэри. АтIэ сэ жысIэну сыхуэит Бэчыжь Лейла нэхуту кIыхьэныгъэрыкI, акIыпI щэджащIэкIэ гъэщIа, кIару иэрымылъагъукIэ узыIэпызыщэ «Кавказ щылъхэ нэкIущ». Иджыбгалъэ Лейла тыгъэ кIыхьэщIащ «Литературэ в потоке времени» зыфIищIа и тхылъыщIэр. Сызыхуеджари сызрилажьэри нэгъуэщI кавказ щIыналъхэмэ щыпсэу лъэпкъхэм я литературэхэм заужьынымкIэ. Ауэ щыхъукIи а лъабжьэхэм хуэфащэ пщIэ хуумыщIыныр хуэдэщ лъэпкъым и напэр, мис а «Кавказ щылъхэ нэкIуу» адрейхэм дакъыхэзыгъэщым и фIыпIэр хэдгъэхуэдэным. Сэ литературэми, щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ кIыэзщIыпIыбдзэ IыхьэмкIыгъэщIа нэгъуэщI лъапIэныгъэхэми, IэщагъэлIхэм елытауэ, хэсщIыкIыр мащIэ дыдэу кIыщIэкIынущ, ауэ, кIыэзрыслыбтэмкIэ, а гуэзджэми литературэми Тхьэм кIыгъэщIа мы дунейм и дахагъэр нэгъуэщI нэкIэ уагъэльагъуфмэ, мис араш щэнхабзэ нэхкIэ уэздженрэ. Iуэла ящыщщ апхуэдэ тельыдджэхэр дзэыгъэльагъу, лъэпкъ литературэр зыужьынымгъэм и гъуэгу бгъуфlэм тегъэувэным емыгэощу хуэлажьэ цIыху гуащIафIэхэм, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэр зэрыгушхуэ и бын щэджащэхэм. Бэчыжь Лейла и гугъущащIкIэ жаIэу зэхыбох абы и зэфIэкIар адыгэ литературэм нэхыбёэу зэрыхуэунэтIар. Ар пэжу къыщIэкIынщ, ауэ, сэ сызэрепльымкIэ, ар совет, урысей литературэхэм хэтъхьэныгъэщхуэ хуэзыщIа тхьэгъэкъэхутакIуэщ.

КъШР-м и Цыхубэ Зэхуэсым (Парламентым) и УнафэщI **Дэхьэшокъуэ Зураб** кьеджащ Парламентым хэтхэм кьабгъэдэкI хъуэхъу тхылъым. Абы и уажькIэ къпсэльапIэм кьрагъэблагъащ КъШР-м и Правительствэм и Унафэщ **Кайшев Владимир**.Ар эзэкрыхауэ тепсэлъыхьащ Бэчыжь Лейла и гъащIэмрэ гуащIэмрэ, дяпэкIи лэжьыгъэфI куэдкIэ щыхуэхэр къызрыщыгугъыр кьыхиГэщащ, гуапэу екъуэхъури, розэ ГэплакIуэщхуэ иратащ.

АдэкIэ утыкум джэгуакIуэхэмрэ къэфакIуэхэмрэ хуит хуащIыжри, «Ныуэгъафlэм» тепльэгъуэщIэкIэ кьыпащащ. Мэльфэ гъэтэджа кьагъэтIылъри, абы щэнтжьей кьытрагъэуващ, фо махъсымэ зэрыт чейр, адыгэ кхъуей пльыжьыр, нэгъуэщI ерыскъыкъэр зытет гу цIыкIур утыкум кьрашащ - наIуэт «санэхуарфэм» зэрызыхуагъэхьэзырыр. ГъафIэ зращIэкI бзылъхугъэм и ГэкIэ батырыбжьэ иритын хуейт Iуэхуфкlэ кьыхэжаныкIауэ кьинлыгъэхэм. Апхуэдэ бжьэ зыльыбсу Лейла кьыхихар медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, академик, бгы, къупщхьэ зэрыгъпIэхэм щеIэхэу Нартсанэ (Кисловодск) щыIэ клиникэм и унафэщI **Лий Адэлджэрийщ**. Щэч хэмылъу, батырыбжьэ зыхуэфащэхэм я бжьыгъэ нэхьыбэ хьурт, ауэ зэманыр кьаэзрэмэщIэкIым кьыхэкIыу Iуэхуугъэр ягъэкIэщIыкIи хуей хъуащ.

КъШР-м къафэмкIэ и театр «Меркурий» къэфакIуэ гупым игъэззщIа тепльэгъуэм и уажькIэ, хьуэхъуэхэм пащжащ. Утыкум кьихьащ Цадасы Гамзат и цIэр зезыхьэ музейм и унафэщI **Магомедов Магомет** икIи Дагъыстан Республикэм и президентым кьыбгъэдэкI хьуэхъу тхылъыр Бэчыжьым иратащ, апхуэдэу ар кьеджащ Дагъыстаным и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Гамзатов Гаджи кьыбгъэдэкI тхылъым, саугъэт лъапIи тхылъ зыбжаи тыгъэ хуищIащ.

Къэбэрдей-Балькъэрым щыщу гуфIэгъэу зэхьыхэм щыIа гупыщхуэм кьыбгъэдэкIыу пшыхьым кьыщыпсэльащ икIи гуапэу Бэчыжь Лейла ехъуэхъащ КъБЩЦ-м и унафэщI **Иуан Петр**, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и президент, физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, академик **Нэхущ Iуэрэм**, Гуманитар зэхуэгъныгъэхэмкIэ Адыгэ Республикэм и щIэныгъэ институтым и унафэщI, бзэ щIэныгъэхэм я доктор **Бырсыр Батырбий**, КъБКъУ-м и профессорэм кьыбгъэдэкI хьуэхъу тхылъыр Лейла иритыжащ бзэ щIэныгъэхэм я доктор, Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я ГуэрыIуатэмрэ литературэмкIэ кафедрэм и унафэщI **ЦIыпIынэ Асльэн**. КъШР-м хьэхъэ кьалэхэмрэ районхэмрэ я тхьэмадэхэм кьабгъэдэкIыу Бэчыжьым ехъуэхъуащ Прикубанскэ районым и Iэтащхьэ **Казиев Хьусен** УсакIуэ **Шыбзыхьуэ Лариса** кьеджащ Лейла папщIэ итха сатырхэм икIи пшыхьыр зыхуагъэльапIэ бзылъхугъэм и дамэм шылэхьар хужьыбзэ тригубгъуащ. Апхуэдэ тегъэм щагуфIыкIыща Лейла уэрэкъ кьафэ кьэмафэм лъэкIакъым - Iэтуауэпхуэм щIэту и льэгум кьызэхуэсахэр щIигъэплъащ.

- Лыэтэныгъэ инрэ пщIэшхуэрэ зыхуэсщI Лейла, уи махуэ льапIэр бдэсIыгъым сфIэфIу сыкъыпхуэкIуащ, - жиIащ УФ-м и ТхакIуэхэм я союзым хэт, Краснодар крайм хьыхь Тихорецк кьалэм щыщ **Солоьвьэв Ольг**. - Нобэ мы утыкум куэд дыдэ щыжаIащ «Кавказ щылъхэ нэкIу» зиIэхэми Кавказми теухуауэ. Пасэрей адыгэ хьыбарыжьхэм ягъэм кьытхуеIуатэ Нухь и кхъуэхьыр Iуащхьмэхэм и щыгум кьыщыувыIауэ. А хьыбарым нэгъуэщIу уегупсысмэ, Кавказыр езыр зэрыщыту «Нухь и кхъуэхьм» хуэдэщ - лъэпкъ куэд дыдэ щызэдопсэу. Ар мамырыгъэмрэ зэгурыIуэмрэ я «хьитIыгу» зэрыхьэрэ зы лЭщIыгъэжьым джкIар. А гупсысэмсэ изощх уэ щIыху телыджащэр мыбы укъызэрыщылъхуари. Си фIэщу жызоIэ уэ нэIуасэ къыпхуэхъуауэ уи псэм и хъуахуэмрэ уи гум и хуэбэмрэ зылъэIэса дэтхэнэми фIыуэ укъызэриГьагъэр. Ар шэч гуэри къызытумыхьэнщ.

Адэкlэ утыкум кьрашащ щIыналъэ олимпиадэхэм ехьулIэныгъэ хьэрэныгъэхэр кьыщызыгъэльэгъуа еджакIуэхэр икIи щIэныгъэ куэм и IункIыбзэIуэхму бзылъхугъэ нэхьыжьым Iэщ1эльыр щихьэмэ пхъантэ цIыкIур кьыдэкIуэтей щIэблэм яритащ, адэкIи Iуэхум кьыпащну ехьэхъхьуурэ.

Пшыхьыр езыгъэкIуэкIа ЦIыпIынэ Асльэн кьыхиГэщащ Бэчыжьым хуэгъэза хьуэхъу телеграммэ куэд щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм кьикIыу а махуэхэм кьызэрыIэрыхьар, ауэ абыхэм ящыщу кьыхигъэщащ тхакIуэ, режиссер, культуролог **Кьандур Мухьэдин** Лондон кьиртхыкIар. Абы и хъуэхъу псалъэ гуапэхэм дэщIыгъут Кьандурыр зи унафэщI Дунейпсо Адыгэ фондым Бэчыжь Лейла «Илъэсым и бзылъхугъэ» щIэр кьыфIащыну кьызэрыхилъхьар.

Апхуэдэ хьыбарыфIымкIэ, «Шэджэм псыкъелъэхэр» уэрэджьIакIуэ джэгуакIуэ гупым ягъэзащIэ пшыналъэхэмкIэ, «Меркурий» къэфакIуэ гупым и къафэхэмкIэ зэхуащIыжащ театрым щекIуэкIа зэхьыхэр. Ауэ абдеж щиухатэкъым Бэчыжь Лейла и гъафIэ пшыхьыр. Абы ерыскъы Iэнэкlэ, хьуэхъу псалъэкIэ, тыгъэ лъапIэхэмкIэ кьыщыпащащ Хьэбзэ районым щыщ «Iэдинхэр» ресторанымэ. Абы кьыщыпсэльащ КъШР-м и Правительствэм и Унафэщ **Кайшев Владимир**, КъШР-м автомобиль транспортымкIэ и IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ, жылагъуэ лэжьакIуэ щIэрыIуэ **Уэз Анатолэ**, КъШКъУ-м и проректор **Паз Сергей** КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **КхъуэлIуфэ Хьэчим** сымэ. «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхьыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ЩIДАА-м и вице-президент **Хьэфыщ1э Мухьэмэд** Бэчыжь Лейла иритыжащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм кьыбгъэдэкIыу абы хуагъэфэща ЩIыхь тхылъымрэ дыщэ дамыгъэмрэ. Дунейпсо Артийскэ комитетымрэ Урысыем щыпсэу льэныкъхэм я Артиадэмрэ кьабгъэдэкI тыгъэ лъапIэр - Дыщэ вагъуэр - **Бестыгъуэн Iуес** Лейла ЕщIэлIхьащ.

Пшыхьыр ягъэдэхащ Хьэбзэ районым и кьэфакIуэхэмрэ уэрэдыкIакIуэхэмрэ, «Шэджэм псыкъелъэхэм», нэгъуэщIхэми.

НЫБЭЖЬ Таисэ
Налшык - Черкесск - Хьэбзэ - Налшык.

Бэчыжь Лейлэ ихьэуэхьу ЩIДАА-м и президент Нэхущ Iэдэм.

КъШР-м и Президент Эбзеев Борис


КъШР-м и Правительствэм и УнафэщI Кайшев Владимир.

Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Адыгэ Республикэм и щIэныгъэ институтым и унафэщI, бзэ щIэныгъэхэм я доктор Бырсыр Батырбий

Сурэтхэр **НЫБЭЖЬ Таисэ** *трихащ.*

Футбол

Iэпщэ Александр ягу къагъэкIыж

Мэкъуаугъэуэм и 10-20-хэм Налшык щекIуэкIащ футболымкIэ СССР-м и чемпион, спортымкIэ и мастер Iэпщэ Александр и фэеплъ 11-нэ урысейпсо турнир. Къэбэрдей-Балькъэрым кьищынэмыщIа, абы щыхьэлIащ Осетие Ищхьэрэ-Алание, Дагъыстан, Шэшэн республикэхэм кьикIа футбол командхэр - псори зэхэту 8.

Я ХьЭРХУЭРЭГЪУ псоми зыхэта гупхэм щытекIуэри, финалым щыIэщIащ Владикавказ и «Юность»-мрэ Мэхьэчкьалэ и «Молние»-мрэ. 3:1-уэ зэIущIэм япэ ища владикавказдэсхэм ар и кIэм нэс яхуэхьумакъым. Дагъыстаным кьикIа командэм бжыгъэр 3:3-м нъгъэри, Iуэхур пенальтым хуэкIуащ. Абы и кIэн кьыщикIащ «Юность»-м икIи фэеплъ турнирым бжьыпэр щиубыдащ. Ещанэ увыпIэр кьахьащ Гроэнэ и «Тэрчым» и футболист нЫжьыщIэхэм.

КъБР-м Спортымрэ туризмэмкIэ и министерствэм текIуэнигъэ кьэзыхьа футболистхэмрэ абыхэм я тренерхэмрэ кубокхэр, щIыхь тхылъхэр, Iэпщэм и сурэт зытет медалхэр яритащ. КъищынэмыщIауэ, Iэпщэхэ я унагъуэм кьыгбгъэдэкIыу командхэм саугъэт щхьэхуэхэр хуагъэфэщащ.

КIэух зэIущIэм кьрихьэлIащ РФПЛ-м и президент Прядкин Сергейрэ Урысей футбол зэгухьэныгъэм и генеральнэ директорым и куэдзэ Куликов Сергейрэ.

- ФIыщIэ хуэсщIыну сыхуейщ мы фестиль турнирыр кьыззэгъэпэщащхэмрэ абы кьрихьэлIа командэхэмрэ, - захуигъэзащ Прядкиным кьыззэхуэсахэм. - Мыпхуэдэ зэхьэзэхуэхэр кьыдэкIуэтей ныжьыщIэхэр нэхъыжьхэм яхуэфащэу япIэ иувэныкIэ сэбэп мэхьу. Ильэс кьаКIуэ кьыщыщIэдзащ Iэпщэ Александр и фэеплъ турнирыр урысейпсо зэхьэзэхуэхэм я календарым хэдгъэхьэну.

Сурэтыр **ЕлЪкЪэН Артур** *трихащ.*

Бильярд

ЦIыхубзхэм я чемпионат

Мэкъуаугъэум и 21-м «Магнат» бильярд клубым щекIуэкIащ цIыхубзхэм я республикэ чемпионат. Ар кьызэрагъэпэщащ Къэбэрдей-Балькъэрым Спортымрэ туризмэмкIэ и министерствэмрэ республикэм бильярд спортымкIэ и федерацэмрэ.

ЧЕМПИОНАТым хэтащ цIыхубз 11 - Налшык, Прохладнэ кьалэхэм щыщу тхурытхурэ, Май кьалэм щыщу зырэ.

Прохладнэдэсхэр щызэриIэхьэлIа финалым нэхъ льэщу кьыщIэкIащ Безкровная Светланэ, Ординэ Екатеринэ - етIуанэщ, налшыкдэс Власовэ Ольгэ ещанэщ.

Атлетикэ псынщIэ

ЦIыху миным нэблагъэ кьызэрагъэпэщащ

КъБР-м и Спортымрэ туризмэмкIэ и министерствэм, Налшык къалэ Адыгэ Республикэм и Парламентымрэ, Спортымкlэ и къуэдзэм, егъэдджэныгъэмкIэ департаментым, щIэныгъэлэ Iуэхуэмрэ цIыхубз зэгухьэныгъэхэмкIэ къудамэм, къалэм спортымкIэ и ветеранхэм кьызэрагъэпэщри ирагъэкIащ Олимп къэжьыхьыкIэм и урысейпсо махуэм ирихьэлIэ зэхьэзэхуэ.

Абы хэтащ цIыху миным нэблагъэ: гъэмахуэ зыгъэпэсэхуэрэ лаерэхэм щыIэ сабийхэр, студентхэр, Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм щылажьэ щIалэгъуалэр.

Я ныбжь елъытауэ ягуэша школакIуэ гупхэм текIуэныгъэхэр кьыщыхьащ Шырыт-Лалинэ, Карт лыновэ Марьям, Кьунаш Никэ, Чапаевэ Ариужан, Уянаев Елдар, Уянаевэ Маринэ, АфIэунэ Амир, Мэкъуауэ Аминэ, Назаркин Станислав сымэ.

Гуп нэхьыныым пашэ щыхьащ КъБКъУ-м и студентхэу Соломатинэ Иринэрэ Кульчаев Алимрэ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

●Гъуазджэ

«Нартхэм я фIыгъуэхэр»

Лъэпкъхъэм я унэу Москва дэтымрэ УФ-м ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ и министерствэм и грантыр кьэзыхьа, урысей, дунейпсо зэпеуэхэм ехьулIэныгъэ иIэу хэта сурэтыщI-модельер ТIажь Альбинэ и фондымрэ Налшык щрагъэкIуэкIащ «Нартхэм я фIыгъуэхэр» зи фIэщыгъэцIэ дунейпсо сабий зэпеуэ-фестивалыр. Iуэхур тэмэму кьызэгъэпэща хъуныж хэдэжьыхьащ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ, Iеджэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ хэтащ **Москва, Шэшэн, Ингуш, Осетие Ищхьэрэ - Алание, Абхъаз, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэхэм щыщ сурэтыщI ныбжьыщIэхэр.** Апхуэдэу а зэпеуэм щагъэлъэгъуащ **Тыркум, Иорданием, Сирием, Хьэрыл Эмират** Зэгуэтым щыщ сабийхэм я Iэдакъэщ1экIхэри.

Фестивалым щыIа сурэт зэхуэмыдэу 500-м щIигъум щыщу 35-р къэпщытакIуэхэм нэхъыфIу къалытащ. Я ныбжь елъытауэ гупищу гуэша сабийхэм (ильэси 6 - 9, 10 - 13, 14 - 17) я лэжьыгъэр зэбгъащIэмэ, нэхъ щIэщыгъуэу икIи гъэщIэгъуэну къыщIэкIащ нэхъыщIэ дыдэхэм я Iэдакъэщ1экIхэр. **Сурэт нэхъыфIхэр Москва дэт Лъэпкъхэм я унэм ирагъэхьынущ** икIи каталог къыдагъэкIынущ.

Зэпеуэр къызэзыгъэпэщахэм я мурад нэхъыщхьэр щIэблэр лъэпкъхэм я щэнхабзэм щыгъэгъуэзэнырщ, Урысейм-рэ хамэ къэралхэмрэ я зэпыщIэныгъэр гъэбдыеным хуэгъэзауэ гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ я зэфIэкIыр къэгъэсэбэпныырщ.

ТАБЫЩ Динарэ.

●ГИБДД-м къет

Тхьэмахуэ зэхуакум

Мэкъуаугъэуэм и 8 - 22-хэм республикэм и къуэрэхэм насыпышащэу 10 кьыщыхъуащ, цIыху 4 хэкIуэдащ, 13-м фIэщыж хахащ.

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ и 21-м сыхьэт 12-рэ дакъикъэ 40-м ВАЗ-21124 автомашинэр зэзыгъакIуэ, ильэс 25-рэ зи ныбжь нарткъалдэсыр Налшык кьалэм Каменскэ уэрамым тету здэкIуэр, «Роснефть» АЗС-м деж гъуэгум кьыхуэкIуэ и адрей льэныкъуэмкIэ техьэри ВАЗ-21102 автомашинэм жьэхуащ. АвтомашинитIым исахэри шоферэри фэбжьятелъу сымадэжащым ящащ.

Регистрацэ Iуэхуэр щрагъэкIуэкIым, ГИБДД-м автотранспортыр тхынымкIэ, экзаменэр кьеIыхьнымкIэ и кьудамэм зи агрегатхэм тетын хуейхэр зэхьэкIа автомашини 2 кьыщIигъэщащ.

Тхьэмахуэм и кIуэцIкIэ кьахутащ икIи кьыгтрахащ: зэратхамкIэ транспорт кьэрал дамыгъэу, шофер тхылъу зырыз, зэратхамкIэ щыхьэт тхылъи 2-рэ двигателым и зы номеррэ. Апхуэдэуи кьыщIагъэщащ кьалъхьуэу ВАЗ автомашинэ лIэужьыгъуэу 3.

Мэкъуаугъэуэм и 15-м Лэскэн районымкIэ ОВД-м и ОГИБДД-м и гъуэгу плъыгъэм Май кьалэдэсым зэрiгъакIуэ ВАЗ-21-06 автомашинэр кьыщащым щIэпымэ кьызэхих ткIуаткIуэ кьаГъуэтащ.

ТКАЧЕНКЭ Ольгэ,
КъБР-м и цыIэ МВД-м и УГИБДД-м и лэжьакIуэ.

●Гу зылъытапхъэ

Къэбэрдей къэрал драмэ театрым фрегъэблагъэ

Щоджэнщ1ыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым мэкъуаугъэуэ мазэм мыпхуэдэ спектаклхэр щекIуэкIынущ:

Мэкъуаугъэуэм и 29-м:
Адыгей драмэ театрыр ди хьэщIэщ. Абы егъэльагъуэ «Медея» спектаклыр.

Мэкъуаугъэуэм и 30-м:
Думэн Мурадин. **«Уэлий и парашют»** (ГушыIэ).

Спектаклхэр щекIуэкIкIэ ахэр урысыбзэкIэ зэрадзэкI.

Театрым и художественнэ унафэщIыр Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист **Шыбзыхьуэ Басирщ.**

ЩIыщIидзэр сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-рщ.

УпщIэ зиIэхэр мы телефонхэмкIэ фыпсалъэ хуэнущ: **42-64-94, 42-33-87**

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
Жылаес Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖъжкIымыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэпэн зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Кьардэн Маритэ, Ныбжь Таисэ, Хьэжыкьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ещанэ катхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым **- 42-56-19;** редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм **- 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23;** жэпэн зыхь секретарым **- 42-22-82;** секретариатым **- 42-22-66.**

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ **- 47-22-63, 42-57-59;** щIихабзэмкIэ **- 42-75-36;** обозревателхэм **- 42-22-89;** хабзэхьэмэ Iуэхущ1апIэхэм ядлэжьэнымкIэ **- 42-60-53;** хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ **- 42-22-88;** егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ **- 47-32-15;** зэдзэкIакIуэхэм **- 42-21-88;** корректорхэм **- 42-60-27;** бухгалтерием **- 47-31-69;** ЭВМ-м и операторхэм **- 42-22-84;** компьютер Iуэхущ1апIэм **- 42-26-41;** сурэттехым **- 42-75-78.**

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдахэм яхуэхьынымрэ и щIэ дальщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIныгъэхэмкIэ и управленем.
Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щрыкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №П-0065-м щIигу ятхащ.
Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Элэ, редактору Бащэ ФатIимэ, корректорхэу Щоджэн Инэ *(1,4-нэ нап.)*, Цей Заирэ *(2,3-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ:* Мэлбахьуэ Анжелэ, *сурэтыщI* Бицу Жанинэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Цыгтрадзар сыхьэт 21.30-рщ.

Индексыр 51531●Тираж 10.125●Заказ №2005